**XALÍQ DEPUTATLARÍ MOYNAQ RAYONLIQ KEŃESINIŃ SHESHIMI**

**XALQ DEPUTATLARI MO‘YNOQ TUMANI KENGASHINING QARORI**

2024-yil 20-iyun VI-93-96-13-187-K/24 Moynaq rayonı

**Moynaq rayonı Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimi tárepinen hayal-qızlardı hár tárepleme qollap-quwatlaw hám olardıń jámiyettegi rolin jáne de bekkemlew boyınshaámelge asırılıp atırǵan jumıslar haqqında**

Jámiyetimizde hayal-qızlardıń huqıq hám nızamlı máplerin qorǵaw, olardıń ekonomikalıq, social hám siyasiy belsendiligin asırıw, kásipke oqıtıw hám bántligin támiyinlew, isbilermenlikke tartıw, mútajligi bar hayal-qizlardı sociallıq jaqtan qollap-quwatlaw, gender teńligin támiyinlew boyınsha alıp barılıp atırǵan reformalardı sistemalı dawam ettiriw maqsetinde Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi bólimi baslıǵı M.Ametovtıń “Hayal-qızlardı hár tárepleme qollap-quwatlaw, olardıń jámiyettegi rolin jáne de bekkemlew boyınsha aktual wazıypalar tuwralı” málimlemesin dodalap, Ózbekstan Respublikasınıń “Jergilikli mámleket hákimiyatı haqqında”ǵı Nızamınıń 6 hám 24-statyalarına muwapıq xalıq deputatları rayonlıq Keńesi

**SHESHIM ETEDI:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 7-marttaǵı “Shańaraq hám hayal-qizlardı sistemalı qollap-quwatlawǵa tiyisli jumıslardı jáne de jedellestiriw ilajları haqqında”ǵı PP-87-sanlı pármanı tiykarında ámelge asırılǵan jumıslar boyınsha Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi bólimi baslıǵı M.Ametovtıń málimlemesi maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

2. Moynaq rayonı Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimi baslıǵı M.Ametovqa ulıwma bilim beriw mekteplerinde huqıqıy mádeniyattı jaslıqtan qáliplestiriw boyınsha interaktiv shınıǵıwlar ótkeriw hám jas óspirim qızlar menen islewde “Shańaraq-máhelle-bilimlendiriw shólkemi” sheriklik mexanizmi natiyjeliligin asırıw tapsırılsın.

3. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw Bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw, mádeniyat, sport hám sociallıq qorǵaw, Jaslar siyasatı, hayal-qızlar hám gender teńlik máseleleri boyınsha turaqlı komissiyası (J.Davletova)na júklensin.

Keńes baslıǵı MENGLIBEKOV BAXTIYAR BEKMURZAYEVICH